# BASLAWISH KLASS OQIWSHILARINDA BAYLANISLI SÓYLEWDI QÁLIPLESTIRIW PROCESINDE INRETAKTIV METODLARDIŃ ÁHMIYETI

**Arzayım Reyembaeva Paraxat qızı,**
*Ajiniyaz atındaǵı NMPI doktorant*
r.arzayim1996@gmail.com

***Annotaciya**: Ortalıq social múnásibetler sóylewge baylanıslı bolıp, oqıwshılardıń úyreniwge bolǵan isenimi hám kóz-qarasına doslıq hám unamlı munasábet tásir etedi. Oqıwshılardıń oqıw, biliw kónlikpelerin ósiriwdiń jańa metod hám texnologiyaların islep shıǵıw boyınsha búgingi ana tili tálimindegi tiykargı wazıypalar tıykarında zárúr bolǵan teoriyalıq qaǵıydalar ulıwmalastırıladı.*

***Tayanısh sózler:** Interaktiv, integraciya, metod, bilimlendiriw, oqıw, tárbiya, oqıtıwshı, oqıwshı, oqıtıw, kónlikpe, baylanıslı sóylew, maqsetli tálim.*

Mámleketimiz ǵárezsizligine erisken kúninen barlıq tarawlarda, sol qatarı bilimlendiriw tarawında kóplegen alǵa ilgerilewler júz berdi. Bir qansha rawajlanǵan tarawlardıń ishinde Xalıq bilimlendiriw sisteması aldıńǵı baǵdar dep járiyalandı. Ózbekstan hám Qaraqalpaqstanda bilimlendiriw sisteması Respublikamız Konstitutciyası, Prezident pármanları, húkimet qararları, Bilimlendiriw haqqındaǵı Nızamlar, kadrlar tayarlawdıń milliy baǵdarlaması tiykarında dúziledi hám basqarıladı. Álbette, Bilimlendiriw tarawındaǵı ózgerislerdiń nátiyjeliligi keleshek pedagog kadrlarǵa tuwrı baǵdar bere alıw hám olardıń oqıw-tárbiya jumıslarında óz ústinde isley alıw qábiletin qáliplestiriw menen tıǵız baylanıslı bolıp esaplanadı. Ózbekstan Respublikasınıń Birinshi Prezidenti Islam Karimov "Bul tarawdaǵı jumıslarımızdıń baslı maqseti iyman-isenimi pútin, erki bekkem, erkin puqaralıq ruwxıyattı qáliplestiriw. Yaǵnıy, erkin kóz-qarasqa iye, ata-babalarımızdıń biybaha miyrasına hám zamanagóy pikirge tiykarlanıp jasaytuǵın kámil shaxstı, jetik insandı tárbiyalawdan ibarat"[1;2]-degen edi.

Jas áwladqa baqshada, mektepte hám de joqarı oqıw orınlarında sıpatlı bilim beriw menen qatar tuwrı jolda tárbiyalaw biz oqıtıwshılardıń baslı wazıypalarımızdan biri bolıp tabıladı.[3] Ásirese, keleshek baslawısh tálim muǵallimleri menen islesiwde olarǵa jańa texnologiyalardan durıs paydalanıw, zamanagóy metodlar arqalı sabaq procesin alıp barıwında durıs jol-jobalar kórsetiliwi kerek. Sonday-aq oqıw procesinde innovaciyalıq texnologiyalar, pedagogikalıq hám xabaq texnologiyalarına itibar kúnnen-kúnge artıp barmaqta.

Oqıwshınıń sana-seziminiń hár tárepleme rawajlanıwı baslawısh klastan baslanadı. Sol menen qatar Ana tili hám oqıw sawatlılıǵı sabaqlarında háripler, sózler,

gápler hám tekstler menen islesiw barısında balanıń sózlik qorıda bayıydı. Biz bunda baslawısh klass oqıwshılarına ana tilin oqıtıw menen qatar integraciyalasqan sabaqlar arqalı balanıń durıs sóylewin rawajlandırıp baramız.Yaǵnıy baslawısh klass ana tili sabaqlarında awızeki, oyın hám súwretlew iskerliginiń integraciyası arqalı balalardıń baylanıslı sóylewin qáliplestiremiz. Bunda álbette kóplegen jańa metodlardı óz ornında qollaw arqalı oqıtıw maqsetke muwapıq bolıp tabıladı.

Oqıtıw degende muǵallimniń oqıwshılardı bilim, eplilik, kónlikpeler menen qurallandırıwı hám oqıwshılardıń olardı ózlestirip ámelde qollaw procesi túsiniledi. Bunda baslawısh klass oqıwshılarında baylanıslı sóylewdi qáliplestiriw procesinde interaktiv metodlardıń da áhmiyeti oǵada nátiyjeli bolıp tabıladı. «Interaktiv» sózi inglis tilinen kelip shıqqan Interact, Inter-birgelikte, act-háreket etiw degen mánisti ańlatadı. Interaktiv-birgelikte háreket etiw metodı maǵanalarında qollanıladı.[4.]

**“Maqsetler teregi”** metodı

| Oqıwshılarǵa nátiyjeliligi | Sabaq procesinde qollanıw | Oqıtıwshılarǵa nátiyjeliligi |
|---|---|---|
| –Sabaqta jaqsı qatnasıw, sabaq procesin rejelestiriw hám onnan joqarı nátiyje kútiw kónlikpesi payda boladı;<br>–Baylanıslı sóylew kónlikpeleri rawajlanadı;<br>–Erkin pikirlewge, kreativlikke úyretedi;<br>–Sabaqqa qızıǵıwı, motivaciyası artadı;<br>–Oqıwshılar arasında óz ara pikir almasıw júz beredi;<br>–Maqset qoyıw procesin sabaq dawamında ámeliy kóriw arqalı doslarınıń da pikirin tıńlaw kónlikpesi artadı. | –Oqıwshılarǵa bul sabaǵımızdaǵı terek ápiwayı emesligi hám ol búgin “Maqsetler teregi” ekenligi túsindiriledi;<br>–Reńli japıraq kórinisindegi japıstıratuǵın qaǵazlar (stikerler) tarqatıladı;<br>–Sabaq teması hám qısqa rejesi tanıstırıladı;<br>–Oqıwshılarǵa tapsırma aytıladı: Búgingi taza temanı úyreniwden maqsetińiz ne? Qolıńızdaǵı stikerlerge jazıń. 2 minut waqtıńız bar.<br>–Oqıwshılardıń terekti bezegen maqsetleri | –Qatnasıwshılardıń pikirlew sheńberin analiz qıla alıw imkaniyatı payda boladı;<br>–Oqıwshılardıń maqset qoyıp biliw tájribesin rawajlandırıwǵa erisiledi;<br>–Sabaqtı qatnasıwshılardıń belgilengen maqset hám qálewlerine sáykes shólkemlestiriwdi baslaydı, yaǵnıy maqsetli tálim principinen paydalanıw júzege keledi;<br>–Qatnasıwshılardı sabaqta maqsetli qatnasıwına erisiw, qızıqqan tarawların |

| | | |
|---|---|---|
| | bárshege oqıp beriledi. | anıqlaw hám sol tıykarda hár bir oqıwshıǵa individual múnásebette bolıw imkaniyatın beredi. |

Sonı aytıp ótiw kerek, házirgi kúnde oqıwshılardıń da sol menen birge oqıtıwshılardıń da jańadan-jańa interaktiv metodlarǵa talabı kúshli. Biraq tek metodlardı biliw ǵana emes onı sabaq dawamında durıs qollana alıw, oqıwshılar menen birge islesiw baslı wazıypalardıń biri bolıp tabıladı. Ásirese, muǵallimniń baslawısh klass oqıwshıları menen doslıq qatnasta bolıwı olardıń bilim alıw procesi menen birge sózlik qorınan durıs paydalana alıwı hám ózine bolǵan isenimin arttıradı. Álbette bul jaǵdaylar balanıń sóylew tiliniń rawajlanıw iskerligine de óz tásirin kórsetedi.

**Paydalanılǵan ádebiyatlar dizimi:**

1. Каримов И.А. Юксак маънавият–енгилмас куч. Маънавият, 2008, 172 б
2. Мирзиёев Ш. қонун устуворлиги ва инсон манфаатларини таъминлаш–юрт тараққиёти ва халқ фаравонлигининг гарови. Ўзбекистон Республикаси мустақиллигининг қабул қилинганлигининг 24 йиллигига бағишланган тантанали маросимдаги маъруза. 2016-йил 7-декабрь.–Т.: «Узбекистон»
3. Babayeva D.R. “Nutq óstirish nazariyasi”. Toshkent, 2018. 216 b
4. Pazilov A. Seytmuratov Q. Kurbaniyazova Z “Pedagogika teoriyası” Tashkent, 2018 32 b